

Anpil fwa **bon mache koute chè**. Byen depanse, achte **bon kalite materyo**. Pito w **konstwi yon kay ki pa twò gwo**, men ou konstwi l byen. **Sèvi ak:**

✓ **SAB LARIVÈ
KI BYEN LAVE**



✓ **GRAYE KONKASE KI
PA DEPASE 25 MILIMÈT
DYAMÈT**



✓ **BON KALITE SIMAN
KI PA VANTE E KI
BYEN PWOTEJE**




✓ **DLO PWÒP**



✓ **BON BÒS KALIFYE
KI GEN BON JAN
EKSPERYANS**

✓ **SÈVI AK
BLÒK VIBRE**



✓ **BON WÒCH PLAT
POU FONDASYON AN**



**PA SÈVI AK
WÒCH RAVÈT**




✓ **TÒL KI BON KALITE
KI PA MENS**




ATANSYON : pou verifiye kalite blòk yo, leve 5 blòk youn aprè lòt wotè 1,20 mètr konsa epi lage yo atè sou yon makadam an beton. Si 2 ou 3 blòk sou 5 kraze, yo pa bon.

✓ **BON BWA
TRETE**



**PA SÈVI AK
BWA KI PA
TRETE**

✓ **FÈ ZO REKEN
NÈF**



✓ **KLOU
TÒSADE**